

Lèt Referans pou Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (DHS)

Non, Prenon anplwaye a		Nimewo sekirite sosyal anplwaye a	
Nimewo A (nimewo anrejistreman etranje) anplwaye a		Nimewo dokiman anplwaye (yo)	
Dat yo refere ka a nan DHS		Nimewo verifikasyon ka a	
<p>Rezon ki fè yo bay Lèt Referans sa a:</p> <p><input type="checkbox"/> Non-konfimasyon pwovizwa DHS . Enfòmasyon yo antre pou anplwaye sa a pa koresponn ak enfòmasyon ki nan dosye Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken an (U.S. Department of Homeland Security) yo.</p> <p><input type="checkbox"/> Foto ki pa koresponn e ki lakòz yon non-konfimasyon pwovizwa DHS. Foto ki nan dokiman anplwaye sa a bay pou Fòmilè I-9, Verifikasyon Elijibilite pou Travay (Employment Eligibility Verification) pa koresponn ak foto ki nan dosye Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (U.S. Department of Homeland Security) yo.</p>			

Enstriksyon pou patwon an

ENPOTAN
Anplwaye a dwe siyen epi mete dat la pi ba a.

1. Revwa Lèt Referans sila a (an prive) avèk anplwaye a leplito ke posib.
2. Asire ke non, nimewo sekirite sosyal (SSN), nimewo paspò Ameriken, nimewo A (nimewo anrejistreman etranje), nimewo I-94 ak/oswa nimewo lisans chofè oswa nimewo kat idantite Leta a emèt la, ki make sou anlè Lèt Referans sila a, kòrèk. Si enfòmasyon sa a pa kòrèk, ou dwe fèmen ka sa a nan sistèm E-Verify la epi se pou kreye yon nouvo ka avèk enfòmasyon ki kòrèk la.
ENPÒTAN: Si anplwaye a pa konn li, ou dwe li Lèt Referans sila a pou anplwaye a. Si anplwaye a pa fin konprann angle twò byen, epi li pale Panyòl, Chinwa, Kreyòl-ayisyen, Japonè, Koreyen, Ris, Tagalòg, oswa Vyetnamyen, ou dwe bay anplwaye a Lèt Referans sa a ki ekri nan youn nan lang sa yo, ke w ap jwenn nan 'View Essential Resources (Egzamine Resous Esansyèl yo)'.
3. Oumenm ansanm avèk anplwaye a nou dwe siyen epi mete dat la sou Lèt Referans sila a nan espas yo bay pi ba a.
4. Bay anplwaye a yon kopi Lèt Referans sa a ki siyen e ki ekri nan lang angle epi anekse yon kopi nan Fòmilè I-9 anplwaye a.

Ranpli tout seksyon ki vid yo pi ba a.		
Non patwon an		
Non reprezantan patwon an		Nimewo telefòn reprezantan patwon an
Siyati reprezantan patwon an		Dat
Siyati anplwaye a		Dat

Pou foto ki pa koresponn yo SÈLMAN

Ou dwe ranpli Lèt Referans sa a epi voye yon kopi li, ansanm avèk yon kopi dokiman ki gen foto anplwaye a, bay DHS. Ou ka swa anekse epi soumèt yon kopi dijital dokiman ki gen foto a nan E-Verify oswa ou ka voye yon kopi papye bay DHS atravè yon konpayi ki ofri sèvis postal rapid, ke ou chwazi. PIGA voye l' atravè sèvis lapòs regilye Etazini.

Adrès konpayi ki ofri sèvis postal rapid	Anekse epi soumèt
U.S. Department of Homeland Security- USCIS 10 Fountain Plaza, 3rd Floor Buffalo, NY 14202 Attn: Status Verification Office- Photo Matching	Fè yon kopi dijital dokiman ki gen foto anplwaye a (pa egzanp, avèk yon eskanè oswa yon kamera) epi sovgade l' nan òdinatè w la. Apre sa anekse epi soumèt kopi an nan E-Verify.

Enstriksyon pou anplwaye a

Pou ki rezon ou resevwa Lèt Referans pou Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (DHS) sa a

Patwon w lan patisipe nan E-Verify, yon pwogram Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (U.S. Department of Homeland Security: DHS) ak Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration: SSA) jere. E-Verify konpare enfòmasyon ou te bay sou Fòmilè I-9, Verifikasyon Elijibilite pou Travay (Employment Eligibility Verification), avèk enfòmasyon ki nan dosye gouvènman an, pou verifye ke w otorize pou travay nan peyi Etazini. Si w te soumèt yon Dokiman Otorizasyon Travay, yon kat rezidan pèmanan, yon paspò Ameriken oswa yon kat paspò, E-Verify pèmèt patwon w lan verifye ke foto ki sou dokiman w lan koresponn ak foto ki nan dosye DHS yo.

Ou resevwa Lèt Referans sila a paske E-Verify endike ke enfòmasyon yo antre nan E-Verify la apati de enfòmasyon ki sou Fòmilè I-9 ou an pa koresponn ak enfòmasyon ki nan dosye DHS yo. Ou te resevwa yon' Avi DHS pou anplwaye konsènan Non-konfimasyon pwovizwa' e ou te deside konteste l. Sa pa vle di ke ou bay patwon w lan enfòmasyon ki pa kòrèk li pa vle di nonplis ke ou pa otorize pou w travay nan peyi Etazini.

Yon Non-konfimasyon pwovizwa DHS ka rive, si:

- Non w, nimewo-A (nimewo anrejistremman etranje) w la, ak/oswa nimewo I-94 ou a te mal anrejistre nan dosye DHS yo.
- Yo pat ka verifye enfòmasyon ki nan Paspò Ameriken w lan, ki nan Kat Paspò w la, nan lisans chofè w la, oswa nan kat idantifikasyon w lan ke Leta a emèt la.
- Yo pat mete enfòmasyon w lan ajou nan dosye DHS yo lè yo te tcheke enfòmasyon w lan nan E-Verify.
- Eitati sitwayènte w oswa estati imigrasyon w chanje.
- Gen yon lòt kalite erè nan dosye DHS ou a.
- Patwon w lan pat soumèt enfòmasyon w lan kòrèkteman nan E-Verify.

Sa ou dwe fè

1. Asire w ke non w, nimewo Sekirite Sosyal ou, nimewo Paspò Ameriken w, nimewo-A (nimewo anrejistremman etranje) w la, nimewo I-94 ou a, ak/oswa nimewo lisans chofè w oswa nimewo kat idantite w Leta a emèt la, ki make nan premye paj Lèt Referans sila a, kòrèk. Fè patwon w lan konn sa imedyatman si gen enfòmasyon ki pa kòrèk.

Pou elèv etranje avèk vizitè ki nan pwogram echanj yo Sèlman: DHS pa ka rezoud ka sa a si dosye SEVIS (Sistèm Enfòmasyon pou Elèv ak Vizitè ki nan pwogram echanj) lan pa kòrèk. Anvan w rele DHS, eseye kontakte reprezantan lekòl ou chwazi a oswa ofisyè responsab la epi asire w ke dosye SEVIS ou a kòrèk.

2. Ou dwe rele DHS **sou 8 jou ouvrab gouvènman federal la rekonèt kòm jou travay** apatide dat ki sou Lèt Referans sa a, anvan le **JJ/MM/AAAA**, pou rezoud ka w la.

- **Pou yon Non-konfimasyon pwovizwa DHS, rele nan 888-897-7781 (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè]: 877-875-6028)**

Patwon w lan pa ka pran okenn mezi negatif kont ou akòz de desizyon w pran pou konteste yon TNC oswa pandan ka w la an natant nan DHS. Mezi negatif yo enkli: revoke w oswa mete w nan sispanasyon, pa peye w oswa pa ba w fòmasyon, retade dat ou kòmanse travay la oswa mete kèlkeswa limit sou travay ou.

3. **Gen Lèt Referans sa a nan men w lè w ap rele DHS.** DHS ka mande w bay enfòmasyon oswa dokiman anplis pou rezoud ka w la.
4. **Lèt Referans sa a enpòtan** – sere yon kopi nan dosye w.
5. Fè patwon w lan konn sa touswit si nenpòt nan enfòmasyon ou bay la chanje lè w fin rele DHS konsa patwon w lan va mete dosye w yo ajou.

Si w bezwen plis enfòmasyon

Si w bezwen plis enfòmasyon sou E-Verify, ak enfòmasyon sou règleman nou yo konsènan enfòmasyon prive ak règ pwogram nou yo, ale sou sit entènèt la nan www.dhs.gov/E-Verify.

Rapòte vyolasyon

Si w kwè ke patwon w lan pa respekte règ E-Verify yo, oswa ke li te diskrimine kont ou oswa li te trete w defason enjis, n ap ankouraje w pou rapòte sitiyasyon sa a. Pou w rapòte ke patwon w lan abize sistèm E-Verify la, ke li pa respekte règleman sou enfòmasyon prive, oswa si w gen plent jeneral sou E-Verify, kontakte Liy Asistans E-Verify pou anplwaye yo nan 888-897-7781 (TTY: 877-875-6028) oswa voye yon imèl nan E-Verify@dhs.gov.

Pou rapòte diskriminasyon nan travay ki baze sou estati sitwayènte, estati imigrasyon, orijin natif natal, oswa lòt abi nan sistèm E-Verify la, kontakte Depatman Lajistis, Seksyon Dwa Sivil, Biwo Konsèy Espesyal pou Pratik Enjis nan afè Travay ki gen pou wè ak Imigrasyon (Department of Justice, Civil Rights Division, Office of Special Counsel for



Immigration Related Unfair Employment Practices) nan 800-255-7688 (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè]: 800-237-2515). Si w bezwen plis enfòmasyon, ale nan sit entènèt Biwo Konsèy Espesyal la nan www.justice.gov/crt/osc.